

Nimewo 5.20

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinyasyon Sispansyon Tanporè ak Modifikasyon nan Lwa ki Gen Rapò ak Ijans nan Sitiyasyon
Katastwòf nan Konte Bronx, Kings, New York, Richmond ak Queens Akòz Kondisyon yo nan Sant Koreksyonèl
Rikers Island**

KONSIDERE KE, Sant Koreksyonèl Rikers Island lan te fè fas ak gwo mank pèsonèl nan dènye mwa yo epi sa ta dwe kontinye;

KONSIDERE KE, kondisyon nan sant yo ta dwe kontinye kreye yon anviwònman ki danjere, menase lavi pou prizonye yo ak pèsonèl la;

KONSIDERE KE, yon monitè federal ki te nonmen pou sipèvize Sant Koreksyonèl la te rapòte yon "nivo dezòd ak konfizyon jeneral", nan etablisman yo nan Onzyèm Rapò Monitè Endepandan *Nunez* la;

KONSIDERE KE, gen yon nesosite pou fasilite itilizasyon konparisyon vityèl nan tribinal pou akselere pwosedi yo ak re-afekte pèsonèl depatman koreksyon yo nan transpò ak pwodiksyon akize yo pou sipèvizyon ak sekirite lojman;

KIDONK KOUNYE A, MWEN MENM, KATHY HOCHUL, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Konstitisyon Eta New York la ak Seksyon 28 Atik 2-B Lwa Egzekitif la te konfye mwen, avèk dokiman sa a, mwen pwolonje eta dijans akòz katastwòf jan sa etabli nan Dekrè Egzekitif Nimewo 5 lan, ak jan Dekrè Egzekitif 5.19 la kontinye li, epi mwen kontinye kenbe anvigè tèm, kondisyon, ak sispansyon yo ki nan Dekrè Egzekitif Nimewo 5 lan ak siksesè li yo, jiska 30 me 2023.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany nan
trantyèm jou mwa avril nan ane de mil
venntwa.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a